



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 25 fevriye 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ETA NEW YORK PRAL KENBE \$457 MILYON NAN AVANTAJ SNAP YO POU
300.000 FANMI**

Mezi kap Anile Rediksyon yo Prevwa pou Pran Efè nan Kad Pwojè Lwa Agrikòl (Farm bill) Federal la

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse Eta New York ap pran mezi pou l kenbe apeprè \$457 milyon chak lane nan avantaj Pwogram Asistans Nitrisyon Siplèmantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) yo ki ta pral koupe nan Pwojè Lwa Agrikòl federal ki fenk vote a. Pwojè Lwa a prevwa pou l koupe avantaj SNAP nan yon mwayèn \$127 chak mwa pou fanmi ki afekte nan New York, san bliye sila yo kap viv nan lojman goudenman sibvansyone oswa nan sèten sant swen kolektif. Mezi sa Eta a pran pral ekonomize avantaj pou apeprè 300.000 fanmi nan New York.

“Eta New York ap entèveni pou ede fanmi ki nan nesesite eki pèdi èd alimantè esansyèl paske Washington koupe nan pwogram SNAP la,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Rediksyon federal sa yo fè li vin pi difisil pou rezidan vilnerab eta nou yo mete manje sou tab yo. Eta a entèveni sou non Nouyòkè ki gen fèb revni sa yo pou asire yo ka jwenn manje pou tèt yo ak fanmi yo.”

Eta New York, atravè Office of Temporary and Disability Assistance (OTDA) pral mete apeprè \$6 milyon nan bourad lajan Pwogram Asistans Enèji pou Kay ki gen Fèb Revni (Low Income Home Energy Assistance Program, LIHEAP) federal adisyonèl pou konsève kantite avantaj SNAP pou fanmi ki afekte. Bourad lajan sa pral sèvi pou ogmante avantaj Pwogram Asistans Enèji pou kay ki gen Fèb Revni (Home Energy Assistance Program, HEAP) an pou benefisyè SNAP kap viv sèten sitiyasyon kote chofaj la rantre nan lwaye a. Lè yo resevwa pi gwo avantaj HEAP, fanmi sa yo pral rete kalifye pou resevwa pi gwo alokasyon SNAP la pou depans enèji yo, ki pèmèt yo kontinye resevwa avantaj SNAP nan nivo yo kalifye pou li pou kounye a.

“Lè nou elimine enpak rediksyon brital sa yo pou kenbe nivo avantaj SNAP yo, n ap pran mezi pou konsève asistans nitrisyon esansyèl ki fè yon vre diferans nan lavi tout fwaye sa yo ki gen fèb revni nan Eta New York, san bliye sitwayen senyò, moun ki gen andikap, timoun ak travayè ki gen fèb revni,” te deklare Delege OTDA a, Kristin M. Proud.

Haitian Creole

Senatè Kirsten Gillibrand te di konsa, “Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo dèske li asire fanmi New York pa pini ak Pwojè Lwa Agrikòl (Farm Bill) la. Se yon aksyon ewoyik pou kwape grangou nan New York. M espere lòt Gouvènè ki nan eta “heat and eat” pral swiv lidèchip solid li a.”

Doktè John Ruskay, Vis Prezidan Egzekitif ak Direktè Egzekitif UJA Federation of New York, te di konsa “Nou aplodi mezi djanm Gouvènè a pran pou li asire sipò esansyèl ki pou pwoteje manje pou gason, fanm ak timoun nan eta nou an.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418